

## Ibibazo n'inyishu ku bijanye n'abana b'abanyamwema

Vyazanywe na Ibikorwa kwa Buri Mwana (ECM)  
Ishirahamwe rukirisu ridakorana na Leta rizana ivyizigiro ku "bana bibagiwe bo muri Afrika"  
Kuko ABANA ari amikoro kuri buri gihu –  
Ubutunzi budasanzwe buva ku Mana!

### Ubunyamwema ni iki?

Ubunyamwema ni umurwi w'ibantu nvukanwa biva ku bavyeyi canke kamere kanaka zigize ibivamwo umwana ziri mu bavyeyi bompi b'umwana. Muri ivyo bintu harimwo ukubura ibitanga ibara canke meranine mu rukoba, mu mishatsi no mu maso, ivyo bigatuma urukoba n'amaso vyabo vyoroha cane bikababazwa n'umuco kandi bigatera ukubona guto.

### Ubunyamwema yoba ari indwara?

Eka, si indwara kandi ntibuterwa n'imigera. Umwana ntarwaye. "Ntiyanduye" ubunyamwema nka kumwe umuntu ashobora "kwandura" indwara yandukira, kandi ntashobora guha ubunyamwema uwundi muntu n'umwe ngo ni kuko yamugkiye hafi. Kuko ubunyamwema atari indwara, nta kintu na kimwe woba ukoze ku munyamwema ni nkuko wokora k'uwundi muntu uwariwe wese.

### Ntaco woba uguze indya zishowe na nyamwema canke ufunguye indya zateguwe na nyamwema ?

Ego cane. Nyamwema ntarwaye. Nta migera canke dukoko dутera indwara na tumwe turi m'ubunyamwema. Ubunyamwema ni umurwi gusa w'ibantu vyerekana ibantu nvukanwa.

### Ubunyamwema ni umuvumo?

Eka, si umuvumo, eka si n'icavuye mu muvumo. Ubunyamwema ni umurwi kanaka gusa w'ibantu bivamwo umwana canke nvukanwa. Bibiriya ivuga ko abana bose ari umugisha uva ku Mana kandi ari impera ihabwa abavyeyi. Umwana w'umunyamwema arashobora gukura neza nk'abandi kandi arashobora kuzana umugisha uhambaye ku muryango no mu kibano kinini no mw'isi.

### Mbega hoba harimwo umuvumo mu gihe umugore yibungenze aravye umunyamwema?

Oya. Kuraba uwundi muntu ntibishobora kugira ico bikoze mu gukura kw'umwana wiwe ari mu nda.

### Vyoba bimaramaje kugira umwana w'umunyamwema?

Eka. Umwana w'umunyamwema ntasa nk'abandi, ariko ivuka ry'umwana w'umunyamwema nta kintu na kimwe c'igiterasoni ryotera abavyeyi. Umwana ni umugisha iminsi yose.

### Mbega abanyamwema barafise ububasha biharije bwo gukiza canke bw'amagetenegete?

Oya, abanyamwema ni abantu basanzwe nk'abandi bose. Kuryamana n'umunyamwema ntaco bikiza na kimwe, kandi ibice vy'umubiri vy'abanyamwema nta bubasha vyiharije bifise. Abagira amagetenegete bashaka kwicira amahera mu kubesha abantu benshi, mu kubabwira ivyo binyoma. Mu mwaka wa 2007, abapfumu bo muri Tanzaniya babonye yuko bashobora guca amahera biciye muri ico kinyoma. Ivyo vyatumye hicwa abanyamwema benshi ariko nta numwe yakize.

Muri Zimbabwe abantu bamwe bamwe biyumvira ko kuryamana n'umunyamwema bikiza SIDA. Nta kuri na guto kuri muri ukwo kwizera. Abanyamwema benshi b'abagore barafashwe ku nguvu kandi barabazwa no kwandura SIDA ivuye kuri abo bagabo.

### Abanyamwema boba bafise ingorane zo kudakura neza mu vy'ubwenge?

Eka, abanyamwema nta ndwara nimwe yo mutwe barwaye. Bafise ubwenge ku rugero rumwe n'abandi mbere barashobora no kuba abanyabwenge cane. Biboneka ko basa nk'abikwega mu vy'ubwenge, abavyeyi bakwiye kuraba ubwambere ko ata bibazo vyo kubona bafise. Bashobora kuba badashobora

---

Vyateguwe na Ibikorwa kwa Buri Mwana  
"Ivyizigiro ku bana bibagiwe bo muri Afrika"  
Email [ecmafrica@ecmafrica.org](mailto:ecmafrica@ecmafrica.org)  
Vyahinduwe mu Kirundi na Fabrice Bayubahe



kubona ku kibaho mw'ishure, canke kubona ngo bashobore gusoma neza, kandi ivyo birashobora kuba kuza kwiga. Kenshi abana b'abanyamwema baragira ingorane zo gutandukanya ibantu bidasa. Ivyo birashobora kugabanya ubushobozu bwabo bwo gusoma n'ibibiharuro, ariko aho bafashijwe mu vyo kubona, abanyamwema barashobora gukora neza muri ivyo vyigwa mbere no mu bindi vyose.

### **Mu gihe bino vyiyumviro bisa nkibidafasha mu kubona kwa nyamwema, ni igiki yoca akora?**

Ashobora guca asuzumwa na muganga yaminuje mu vyo kubona. Rimwe na rimwe ubundi bwoko bw'amarori burashobora gufasha, ariko ntapfa kuba ari ayandi marori gusa. Ategerezwa kuba yakorewe amaso y'uwo muntu. Abanyamwema barashobora gusoma bakoresheje ibantu bifasha kubona mu kwagura indome. Abanyamwema bamwe ni impumyi canke bahakwa kuba impumyi. Barashobora kwiga gusoma indome z'impumyi no kubaho nk'impumyi. Kuri banyamwema, ukwagura ubunini bw'ikintu ntibifasha kubona neza iminsi yose. Ukwongereza ubudasa bw'icandika n'icandikwako kenshi birafasha gusumba – nk'akarorero, ugukoresha ikaramu ry'irabura cane gose ku rupapuro rwera cane, canke ugukoresha urubaho rwirabura cane gose aho gukoresha urubaho rusa n'urwatsi rutoto.

**Mbega amarori y'izuba ategerezwa kuba yakorewe ku buryo bw'umwihariko abanyamwema gusa?**  
 Mu bisanzwe amarori y'izuba arashobora gufasha abanyamwema bensi mu gukingira amaso yabo yoroshe imishwarara y'izuba yonona. Ntiyongerako akarusho mu kubona, ariko arafasha cane mu gukingira amaso kugira ngo umuco w'izuba ntiwongereze ingorane. Aratanga n'akoyokwe, kuko umuco w'izuba ubabaza cane amaso y'umunyamwema.

### **Mbega umunyamwema abaho ikiringo kingana gute?**

Umunyamwema arashobora kubaho ikiringo c'ubuzima gikwiye nk'abandi, mu gihe atarwaye kansere ivuye ku m'imishwarara y'izuba yahuye n'umubiri wiwe udakingiye. Nubwo biruko, hariho ubwoko bw'ubunyamwema bumwe butandukanye n'ubundi bwitwa umugera wa Hermansky-Pudlak, ujana kenshi n'ingorane ry'iva ry'amaraso ushobora gutera ingorane mu mahaha no mu bisogi kandi ushobora gutuma haba ukugabanuka kw'ikiringo c'ubuzima. Ariko ba nyamwema bensi barashobora kubaho ikiringo c'ubuzima gikwiye nk'abandi bose. Ubunyamwema ubwabwo nta rupfu butera.

### **Mbega ba nyamwema barashobora kwubaka urwabo bakaronka n'ibibondo?**

Ego, ba nyamwema barakomeye mu bijanye n'amabanga y'abubatse. Barashobora kurondoka kandi barashobora kwitwararika ivy'urugo n'umuryango. Bakeneye gusa ugukingirwa biharije ku bijanye n'izuba.

### **Ni igiki nyamwema yovamwo? Ni ubuhe buzima bashobora kugira?**

Ba nyamwema barashoboye kugira amahirwe mu bisata vyinshi vy'ubuzima. Umwe mu bami b'abami b'Ubuyapani yari umunyamwema. Abatari bake mu bakinyi b'amareresi, b'ivyesi n'abaririmvyi bari ba nyamwema, aberekana inyambaro nshasha, Abagwizatunga mpuzamakungu, abarezi n'abandi. Amahirwe yabo ava ku kuntu bitwara ku gitu cabu, hamwe no gufatwa mu mugongo kw'imiryango yabo n'ibibano vyabo. Bivuye ku kworoha kwabo ku zuba, ibikorwa bikorerwa mu nzu ni vyo vyiza ku bana b'abanyamwema.

### **Ni bande bageramirwa gusumba, abahungu canke abakobwa?**

Bose barageramirwa kumwe.

### **Mbega ubunyamwema buba muri Afrika gusa?**

Ubunyamwema burabaho mu moko y'abantu bose bo kw'isi, ariko muri Afrika niho buri gusumba kandi mu moko y'abantu bafise urukoba rwirabura niho buboneka gusumba. Mbere n'ibikoko birashobora kuba nyamwema.

### **Mbega abavyeyi iyo bafise umwana umwe w'umunyamwema, abana bose bazoca baba abanyamwema?**

Vyateguve na Ibikorwa kwa Buri Mwana  
 "Ivyizigiro ku bana bibagiwe bo muri Afrika"  
 Email [ecmafrica@ecmafrica.org](mailto:ecmafrica@ecmafrica.org)  
 Vyahinduwe mu Kirundi na Fabrice Bayubahe



Si iminsi yose. Iyo abavyeyi bose batwaye muri bo ibivamwo umwana vyya nyamwema, birashoboka ko bavyara umwana w'umunyamwema ku mahirwe imwe kuri ane.

**Mbega Imana iritayeho abanyamwema?**

Imana iritayeho ibiremwa vyayo vyose. Bibiriya ivuga ko ata n'inyoni ikoroka kw'isi Data atabizi. Yesu avuga ko n'amashurwe yo ku misozi ayitayeho (Matayo 6:26 na 28). Imana ikunda umuntu wese itaravye ukuntu ameze canke ukudashobora boba bafise. "Kuko Imana yakunze abari mw'isi vyatumye itanga umwana wayo w'ikinege kugira ngo uwumwizera wese ntazopfe rubi ariko ahabwe ubugingo budashira" (Yohani 3:16).

Ibikorwa kwa Buri Mwana Uganda  
Agasandugu k'amakete 28080 Kampala  
[ecmuganda@yahoo.com](mailto:ecmuganda@yahoo.com)  
[www.ecmafrica.org](http://www.ecmafrica.org)

---

Vyateguve na Ibikorwa kwa Buri Mwana  
"Ivyizigiro ku bana bibagiwe bo muri Afrika"  
Email [ecmafrica@ecmafrica.org](mailto:ecmafrica@ecmafrica.org)  
Vyahinduwe mu Kirundi na Fabrice Bayubahe

